**«Тастыйықлайман»**

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Халық билимлендириў министири орынбасары**
**_____________ Ш.Таджимуратов**

**Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министири жанындағы өндирислик мәжилисиниң**

**БАЯНЛАМАСЫ**

Нөкис қаласы № 7/2 19 - Июль 2021 жыл

**Мәжилис баслығы** Р.Реимов Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министири

**Қатнасқанлар** Қ.Бекбаулиев - ў.ў.а министирдиң биринши орынбасары,

Ш.Таджимуратов – министир орынбасары ҳәм бөлим баслықлары, мәжилис хаткери

## КҮН ТӘРТИБИНДЕ ҚАРЛАҒАН МӘСЕЛЕ

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министирлиги ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Ишки Ислер миниистирилги менен биргеликте 2021-жыл 21-апрель сәнесинде тастыйықланған қоспа ис-илажлар ҳәм район, қалалық халық билимлендириў бөлимине қараслы улыўма орта билим бериў мектеплери менен биргеликте алып барып атырған жумыслар хаққында.

**Шығып сөйлегенлер**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министири .Р.Реимов шығып сөйледи ҳәм күн тәртибиндеги мәселе менен таныстырды.

Қарақалпақстан Республикасы Министирлер Кеңесиниң 2021-жыл 21-апрельдеги 01-08/13-04/177-санлы баянламасында көрсетилген ўазыйпаларды орынлаўда ҳуқықбузарлықтың алдын алыў ата-анасы яки қадағалаўсыз қалған жас өспиримлерге әменгерлик ҳәм қәўендерликке бекитиўде, олардың хуқықларын қорғаў бойынша Қарақалпақстан Республикасы ишки ислер министирлиги менен биргеликте 2021-жыл 20-апрель сәнесинде қоспа ис-илажлар тастыйықланды.

Бул мәселеде халық билимлендириў бөлимлери тәрепинен исши топар дүзилип, район, қалаларында ишки ислер профилактика инспекторлары менен биргеликте мектеплерде жыйналыс өткерилип, узақ мүддетке кеткен ата-аналардың жас өспиримлер дизими аныўлап, оларға әменгерлик ҳәм қәўендерлик органлары тәрепинен қараўсыз қалған оқыўшларға әменгерлик ҳәм қәўендерлик бекитиў жумысларын еледе жетилистириўди белгилеп өтти.

Министир орынбасары Ш.Таджимуратов шығып сөйлеп, хуқықбузарлықтын алдын алыў мақсетинде ис-илажлар исленип, район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери ҳәм профилактика инспекторлары менен биргеликте исшит опар дүзилип, улыўма орта билим бериў мектеплеринде оқыўшлардң бос ўақытларын мазмунлы өткериўде дөгерекке тартыў илажларын,

ушрасыўлар, көрик-танлаўларға қамтыў, пәнлерге қызығыўшылығын артырыўда шараятлар жаратыў мәселелерин көрип шығып қатан қадағалаўға алыныўын атап өтти.

Қарақалпақстан РеспубликасыМинистирлер Кеңесиниң 01-08/13-04/-177-санлы баянламасының 17-бәнтине тийкар, халық билимлендириў бөлимлери баслықлары министирликке хәр айдың 20 сәнесинде есабат бериў жумысларына тиккелей жуўаплы екенлигин ескертилип баянламаларын, әменгерлик хәм кәўендерлик бекитиўде кестелерин, улыўмаластырыў жумысларын хәм ишки ислер министирлиги менен бирге ислесиўде, мағлыўмат бериўде министирликтиң «Балаларды социаллық қорғаў хәм қоллап қуўатлаў» секторы баслығы А.Аймуратовқа жүклетилсин.

Күн тәртибиндеги мәселени тыңлап додалап, Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министирлиги жанындағы өндирислик мәжилиси

**ҚАРАР ЕТЕДИ:**

1. Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министирлиги хәм Қарақалпақстан Республикасы ишки ислер министирлиги менен 2021-жыл 20-апрельдеги биргеликте исленген қоспа ис-илажы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.
2. Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлери баслықлары исшит опар дүзип, 17-бәнтинде көрсетилген уазыйпаларды орынлаўда, хәр айдың 10 сәнесинде ата-анасы узақ мүддетке аныкланған жас өспиримлерге әменгерлик хәм кәўендерлик жумысларын алып барыў;
3. Министирликтиң «Балаларды социаллық қорғаў хәм қоллап қуўатлаў» сектор баслығы А.Аймуратовқа берилген мағлыўматларды улыўмаластырыў жумыслары жүклетилсин.
4. Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министирлиги хәм Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер министирлиги менен 2021-жыл 20-апрельдеги биргеликте исленген қоспа ис-илажлардың орынланыўын қадағалаўды министир орынбасары Ш.Таджимуратовқа жүклетилсин.

**Мәжилис хаткери:** **Г.Бегжанова**